Пегалор ей ру дуя псом тетхэы, фэзгухьэхэ!

ЧЕРКЕС

...ЪЫЖЬ

...• Черкесскэ обкомым, гуащІэрыпсэухэм я депутатхэм я Обсоветым, горкомым я органщ

...(2220) Щэбэт, августым и 12-м 1944 гъ. И уас кI. 20

Илъэсыщlэ еджэгъуэм щlадзэным къэнэжар махуэ бжыгъэщ.

Къэтыгъэншэу, еджапlэхэр сыт илъэныкъуэкIи хьэзыру къедгъэблэгъэнхэщ щlэблэц!ынкIухэр!

Илъэсыщlэ еджэгъуэм фlыуэ зыхуэгъэхьэзырын

...Илъэсыщlэ еджэгъуэм фlы... ...гъэхьэзырын хуейщ" ...и 7-м къыдэкIа „Правда" ...и передовойр аращ ...„Правда" га... ...зауэ зэман гу... ...у ди партиямрэ ...Iэмрэ я ныlэ хуа... ...народнэ об... ...щlэблэхэм ...гъуэтыныгъэм. ...еджэгъуэм и кIуэ... ...зиlэ лъэ... ...хъуащ курыт ...я лэжьыгъэхэр ...хъувыгъэмрэ уче... ...лэжьыгъэ... ...ыгъэмкlэ.

...щыкIухэмрэ хъы... ...щыкlухэмрэ щхьэхуэу ...еджакlуэ цlы... ...ахэпщаны... ...лэжьыгъэхэмкlэ ...социалистическэ ...щымыгъэlэ ...баллитху системэ... ...цlыкlухэм я ...оценкэ етыныгъэ... ...пlыны... ...фlагъэр егъэфlэкlуэ... ...Абэр хуабжьу сэбэп ...курыт еджапlэхэ... ...я лэ... ...Илъэс еджэгъуэ ...и кlуэцlкlэ ехъулlэ... ...къэзылъэща ...щыlэхащ Ленинрэ ...и партиям гурэ псэ... ...ныбжьыщlэхэр пlы...

...„Правдэм" ет... ...егъэджакlуэхэм, ...образованием и лэ... ...къалэнышхуэ я ...А къалэнхэр боль... ...гъэзэщlэн ...Илъэсыщlэ ...бгы къуагъым ...—жеlэр газетым,— ...бжэхэр щlэблэ... ...къыхуэзэlуа... ...еджапlэмикl ...цlыкlухэм ...сыт илъэны ...еджапlэр хьэзыру хуейщ.

...газетым мы ста... ...еджапlэхэм ...я ягу ...иджырикl зэ, ...Илъэсыщlэр къызэ... ...махуэ бжыгъэм и кlуэцlкlэ щыщlагъэу щыlэ псорикl гъэкlуэдын зэрыхуейр.

Ди областым и кlуэцlкlэ иджырикl еджапlэ куэдхэр щыlэхэщ ремонтыр ямыухахэу. Зыхуейнум хуэдиз пар тэхэр ямыlэу, зэбгъэпэщыжын хъунухэр зэрамыгъэпэщыжхэу. Еджапlэхэм парта яхуегъэщlыныгъэмкlэ ди областым амал псорикl иlэщ, ауэ ар къэгъэсэбэпа хъукъым.

Хуабжьу мыхьэнэшхуэ иlэщ еджапlэхэм я библиотекэхэм, учебнэ пособиехэм. Абыхэм епхащ учебнэ-воспитательнэ лэжьыгъэр егъэфlэкlуэныгъэр.

Зи lуэхур хуабжьу lеуэ щытыр адыгэ еджапlэхэращ. Адыгэ еджапlэхэм зы илъэс ира гъэджащ зэрагъэджэн учебник адыгэбзэмкэ ямыlэу. Мы илъэсыщlэ еджэгъуэмикl нэ гъабэ хуэду ди еджапlэхэр гъэ тохьэр учебник адыгэбзэмкlэ ямыlэу. Абыкlэ къуэншагъэр зылъэlэсу щытыр ОблОНО-ращ. Иджырэ къэсыхункlэ адыгэбзэмкlэ учебникхэр къэгъуэтыныгъэм, адэ сытмикl къызэрыкlуэкlэ, пылъыщ. Пэжу жытlэнщи адыгэ учебникхэр абхуэду къэгъуэтыгъуекъым ОблОНО-м и лэжьакlуэхэм къазэрыфlэщlым хуэда. Къэбэрдейбзэмкlэ Къэбэрдей АССР-м мы гъэм учебник зэмылlэужьыгъуэ куэд къыдагъэкlыр, ауэ Черкессиям я lыхьэр абы хэткъым, сыт щхьэкlэ жыпlэмэ, ОблОНО-м щыщ кlуэуэ къэбэрдейм япсэлъакъым, ар абхуэдизу гугъуехьу щымыт пэтмикl. Абхуэдещ я lуэхур зытетыр абазэ, нэгъуей еджапlэхэмикl.

Илъэсыщlэ еджэгъуэм шlадзэным къэнэжар машlэу щыт пэтмикl,- къарууэ щыlэ псорикl ехьэлlэн хуейщ еджапlэхэр адыгэбзэ учебникхэмкlэ гъэнщlыныгъэм. Къаруурэ диlэр етхьэлlу делэжьмэ щышlагъэ псорикl гъэкlуэдыныгъэм, мис абы щыгъуэм дежщ партиямрэ правительствэмрэ къалэну ягъэувыр гъэзэшlа щыхъунур учебнэ - воспитательнэ лэжьыгъэр егъэфlэкlуа хъуныгъэмкlэ.

СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

Августым и 10-м и оперативнэ сводкэ

Августым и 10-р екlуэкlыхункlэ РЕЗЕКНЭ (РЕЖИЦА) город и ищхъэра-къухьэпlэlуэкlэ ди дзэхэм наступление зауэ ирагъэкlуэкlащ, а зауэхэр здекlуэкlым къащташ къуажэ заул икlи абыхэм ящыщхэщ АРКАЛНЫ, АИЗКУЯ, АУГУЛИ, ГРЕТАНЫ, ЖИВЕНЗА, ЯУЗЕЛКУ, гъущlгъуэгу станцу ДЗАЛЗАВА.

КРУСТПИЛС городым и ипщэ-къухьэпlэlуэкlэ ди дзэхэм наступление ирагъэкlуэкlкlэрэ, къащташ Латвийскэ ССР-м и уезднэ центр город ЕКАВПИЛС, абхуэдэ къабзу зауэкlэ къащташ нэгъуэщl къуажэ 60-м щlигъу икlи абыхэм ящыщхэщ къуажэхэу БРОДЫ, БИРЖИ, МИТЕЛАНЫ, ИЕСИТЕ, БРАНЧАЛИ, СКРУЖИ, РОЦЕНЫ, АПАЛИ, гъущlгъуэгу станцхэу ДАУГАВА, АЛДАУНЭ, ВИЕСИТЕ, ВАРНАВА.

КАУНАС городым и ищхъэрэ-къухьэпlэlуэкlэ икlи и къухьэпlэlуэкlэ ди дзэхэр зауэурэ ипэкlэ кlуэтахэщ икlи къащташ Литовскэ ССР-м и уезднэ центр город РАСЯЙНЯЙ (РОССИЕНЫ), абхуэдэ къабзу къащташ къуажэ 40-м щlигъу абыхэм ящыщхэщ КАТУШНЫ, ЛОТЫНИШКИ, ПОМИТУВЕ, РАУДАНЫ, БЛАГОСЛОВЕНСТВО, МИСУРКА, АМНУЦЕ, ВАЛЮЛЕ.

МАРИАМПОЛЬ городым и ищхъэрэ-къухьэпlэlуэкlэ ди дзэхэм зызэпырагъэгъэзащ танкрэ пехотэрэ зэщlэту бийм къигъакlуэ атакэ инхэм икlи абы и цlыху къарумрэ техникэмрэ хэкlуэдыкlыныгъэшхуэ ирахащ.

БЕЛОСТОК городым и ипщэ-къухьэпlэlуакlэ ди дзэхэр НАРЕВ псым зэпырыкlхэри, зауэкlэ къащташ къуажэ 50-м щlигъу, абыхэм ящыщхэщ къуажэшхуэхэу ВАНЕВО, КОВАЛЕВЩИЗНА, СТАРАЯ икlи НОВАЯ ЛУКАННА, ЯБЛОНОВО, ЛЯХЫ, ДРОНГИ, ЗДРОДЫ, гъущlгъуэгу станцхэу РАТИБОРЫ НОВЫЕ, СОКОЛЫ

СЕДЛЕЦ городым и ищхъэрэlуэкlэ икlи и ищхъэрэ-къухьэпlэlуэкlэ ди дзэхэм наступление зауэ ирагъэкlуэкlащ, а зауэхэр здекlуэкlым къащташ къуажэ 30-м щlигъу, абыхэм ящыщхэщ къуажэшхуэхэу СТЕРДЫНЬ, ЖЕЛЕЗЬНИКИ, ЛИВЫ, ЧЕРВОННА, СКАЖИН, ЧАРНОГЛУВ, СТАНИСЛАВ.

САНДОМИР городым и къухьэпlэlуэкlэ ди дзэхэм, бийм танкрэ пехотэрэ зэщlэту къигъакlуэ контратакэхэм зызэпырагъэгъазэкlэрэ, зауэ ирагъэкlуэкlащ ВИСЛА псым и сэмэгурабгъу lуфэм деж плацдармэм зырагъэубгъуныгъэмкlэ икlи къащташ къуажэ 60-м щlигъу, абыхэм ящыщхэщ къуажэшхуэхэу ПЕНЧИНЫ, ГОЙЦУВ, ПЛАТНУВ, МОДЛЕБОНИЩЕ, ИВАНИСКА, БАЦЬКОВИЦЕ, ПЮРКУВ, ЛАГУВ, САДНУВ, РАДОСТУВ, РАНУВ, ФАНЬГА, гъущlгъуэгу станцхэу ВОЛЯ, МАЛКОВСКА РАКУВКИ.

ДРОГОБЫЧ городым и къухьэпlэlуэкlэ икlи я ипщэ-къухьэпlэlуэкlэ, ди дзэхэм карпат бгы лъапэхэм деж бийм щищlа инженернэ загражденнехэмрэ и зигъэнэныгъэмрэ зэпащlкlэрэ, зауэхэурэ ипэкlэ кlуэтахэщ икlи къащташ Дрогобыческэ областым и районнэ центр ПОДБУЖ икlи нэгъуэщl къуажэ 40-м щlигъу, абыхэм ящыщхэщ къуажэшхуэхэу ЛИСКОВАТЕ, КРОСЦЕНКА, ВЫЛОШИНОВО, ЛАВРОВ, ТОПОЛЬНИЦА, ТУЖЕ, ЛАСТУВКИ, ЯСЛОНКА, МАСЛОВА, гъущгъуэгу станцхэу КРОСЦЕНКА, ТОПОЛЬНИЦА.

Фронтым и адрей участкэхэм зэхъуэкlыныгъэ щlагъуэ къыщыхъуакъым.

Августым и 9-р екlуэкъыхункlэ ди дзэхэм фронт псом дежи зэтыракъутахэщ немецкэ та ки 199. Хьэуэм щекlуэкlа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафlэмрэ къыраудыхащ бийм и самолет 61.

Августым и 11-м и оперативнэ сводкэ

ПСКОВ городым и къухьэпlэlуэкlэ икlи и ипщэ-къухьэпlэlуэкlэ ди дзэхэм наступлением щlадзэжри, бийм и оборонэр пхатхъащ, километрэ 25 ипэкlэ кlуэтахэщ икlи пхатхъам и фронтым километрэ 70 зырагъэубгъуащ. Наступлениер здрагъэ lуэкlым ди дзэхэм къащташ Эстонскэ ССР-м и уезднэ центр город ПЕТСЕРИ (ПЕЧЕРИ), абхуэдэ къабзу зауэкlэ къащташ нэгъуэщl къуажэ 200-м щlигъу, абыхэм ящыщхэщ ЛИТОВИЧИ, ИВАНОВО, БОЛОТО, РАГУЗИНА, ВЫММОСКИ, КЮЛЛАТОВА, ОБИНИСА, ВАСЛАМЯЭ, ЛИНЦЫ, КУКСИНА, МЕКСИ, ВИКТА, ТИЛИЙКЕ, ЛЕЙМАНН, СТУКОЛОВА, гъущlгъуэгу станцхэу ЛИВАИНЯЭ, ПЕТСЕРИ.

КРУСТПИЛС (Западнэ Двинам деж) городым и къухьэпlэlуэкlэ, ди дзэхэм наступление ирагъэкlуэкlкlэрэ зауэкlэ къащташ къуажэ 50-м щlигъу, абыхэм ящыщхэщ РОЖИ, РАЦЕНИ, ВАРЕНБРОКАС, БЛИНТИ, ГРАВАНДЕРИ, ВАРТУНИ, гъущlгъуэгу станцхэу СУНАКСТЕ, СВИЛИ.

БЕЛОСТОК городым и ищхъэрэ-къухьэпlэlуэкlэ икlи и къухьэпlэlуэкlэ ди дзэхэм наступление зауэ ирагъэкlуэкlащ, а зауэхэр здекlуэкlым къащташ къуажи 150-м щlигъу, абыхэм ящыщхэщ къуажэшхуэу ЯГЛОВО, ЗАБЕЛЕ, БЖЕЗОВО, МИКАЦИН, ВРОЦЕНЬ, ШЛЯХТА, ЛУПИХИ, ДУДКИ, БОГУШОВО, ТЫКОЦИН, ЛИПНИКИ, ЦЕШИМИ, ЧАЙКИ, гъущlгъуэгу станцу КНЫШИН.

СЕДЛЕЦ городым и ищхъэрэlуэкlэ икlи и ипщlэ-къухьэпlэlуэкlэ ди дзэхэр зауэхэурэ ипэкlэ куэтахэщ, къащташ къуажи 100-м щlигъу, абыхэм ящыщхэщ къуажэшхуэу КОССАКИ, ЛОМНА, ТЕЛЯКИ, ГЖИМАЛЫ, КОСУВ-РУСКИ, ВРОТНУВ, МЕДЗНА, ТХУЖЕВА, СТАРАВЕСЬ, КОРЫТНИЦА, ПНЕВНИК, ДОБРЕ, РАКОВЕЦ, РУДЗЕНКО, гъущlгъуэгу станцхэу КОССУВ-РУСКИ.

САНДОМИР городым и къухьэпlэlуэкlэ ди дзэхэм танкрэ пехотэрэ зэщlэту бийм къигъакlуэ контратакэхэм зызэпырагъэгъазэкlэрэ, зауэ ирагъэкlуэкlащ ВИСЛА псым и къухьэпlэ lуфэм деж плацдармэм зырагъэубгъуныгъэмкlэ.

Фронтым и адрей участкэхэм зэхъуэкlыныгъэ щlагъуэ къыщыхъуакъым.

Августым и 10-р екlуэкlыхункlэ ди дзэхэм фронт псом дежи зэтыракъутащ немецкэ танк 50. Хьэуэм щекlуэкlа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафlэмрэ къыраудыхащ бийм и самолет 29.

Черчилль Италиям кlуащ

...ДОН, августым и 11-м. ...Рейтерым и агент... ...Британскэ премьер-министр Черчилль Италиям кlуауэ.

Италиям щекlуэк! зауэр

ЛОНДОН, августым и 11-м. (ТАСС). Италиям щыlэ союзникхэм я дзэхэм я штабым къырегъэхьыр, фронтым и Адриатическэ секторым деж 8-рей английскэ армиям и частхэм бийм къыlэщlагъэкlыжауэ Миза псымрэ Чезано псымрэ я кум дэлъ губъуэр, Монтерадо, Кобинальдо къуажэхэр къащтэри. Мы районым деж машlэуэщ бийм зызэрыригъэныр, Чезоно псым и ипщаlуэкlэ, тенджызым километри 20 нэхъ пэмыжыжьэу.

Фронтым и адрей участкэхэм зэхъуэкlыныгъэ щlэгъуэ къыщыхъуакъым.

Союзникхэм я авиациэр Севернэ Италиямрэ Югославиямрэ щыlэ военнэ объектхэм теуащ.

...ровцхэм палъащ мятеж къэзыlэта генералхэмрэ офицерхэмрэ я фызхэм, сабийхэм я щхьэхэр

...ДОН, августым и 11-м. ...Лондонскэ радиом ...гитлеровцхэм ...щlэр Гитлер теуэныгъэмкlэ, германскэ армиям щыщхэу мятеж къэзыlэта генералхэмрэ офицерхэмрэ я фызхэм, сабийхэм я щхьэхэр,

ВКП(б)-м и обкомым

ВКП(б)-м и обкомым и бюрор куэд щIакъым зэрытекIлъхьэрэ Черкесск городым щыпсэу щIыхуэр щIакъуэкIэ зэрагъэпщIым.

ВКП(б)-м и обкомым и бюром инщIа постановлением иритащ гуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я Советым и горисполкомым и председатель т. Сорокин Iэпэдэгъэлэл ищIу гуащIэрыпсэухэр щIакъуэкIэ гъэпщIа хъуныгъэм пылъу икIи абы и пщэм ирилъхьащ ди япэкIэ городым дэс щIыхуэхэм щIакъуэ ягъуэтынырэр зэпумэ, ар и IэнатIэм тыратэкIыну икIи зэрыхуэфэщэнумкIэ и хьэкъ Iуагъащ1ну.

Заготзерном и Черкесскэ пунктым и директор Гудиевэр Облмельуправлением и начальник Чумакрэ судым иратащ и чэзум дэж хлебзаводым хьэжыгъэ зэрырамытам щхьэкIэ. Облпрокуратурэм и пщэ ирилъхьащ а Iуэхум махуитху пIалъэкIэ хэпльэну.

ВКП(б)-м и обкомым и бюром абхуэдэ къабзу иригъэлъагъуэщ ВКП(б)-м и Черкесскэ горкомым и секретарь т. Емельянов городым и гуащIэрыпсэухэр щIакъуэкIэ гъэпщIа хъуныгъэм и ныIэ зэрытиримыгъэтыр.

Фронтым никIыу сэлам

Хьэбэз районым и районом и заведующу щыта иджы фронтым щыIэ Джамбеков Сэлихь Хьэбэз районым и егъэджакIуэхэм фронтым кIэкIыу сэлам къахуегъэхьыр.

Сэлихь зауэм инэкIэ куздрэ егъэджакIуэу лэжьащ, абы и ужькIэ Хьэбэз районом и заведующу, иджы Краснэ Армиям хэту немецкэ-фашисткэ зэрыпхъуакIуэхэр зэтыреукIэр. Фронтым ялIыхъужьыгъэхэр хэлъу зэрыщазэуэм щхьэкIэ мызэ-мытIэу, командованием куэдрэ фIыщIэ гуапэ къыхуищIащ.

Тов. Джамбековым къитх письмом итщ Краснэ Армиям ехъулIэныгъэ хэлъу наступлениер зэрыригъэкIуэкIым хуэду еджапIэхэрикI еджэгъуэ илъэсыщIэм ехъулIэныгъэ хэлъу, фIыуэ хуагъэхьазырыну. Къэнэ щымыIэу ягъэкIуэдыну немецкэ оккупантхэм еджапIэхэм зэранигъэу ирахахэр. ЕджапIэр зыхуэныкъуэну псорикI егъэджакIуэхэм я жыджэрыгъэ хэлъхьэу къагъуэтыну. Парта, учебнэ пособия, доска сытхэм еджакIуэ щыкIуэр хуэмыныкъуэу 1944-45 еджэгъуэ илъэсыр ирагъэкIуэкIыну.

Письмом и кIэм т. Джамбековым етхыр егъэджакIуэхэм я ныIэ хуабжьу тырагъэтыну ирагъэджэхэм зэрагъэджэ предметхэр фIагъыр хэлъу ящIэныгъэм. Ди советскэ еджапIэхэм къыщIэкI ныбжьыщIэхэм советскэ Родинэм къалэну я пщэ ирилъхьэхэр фIагъыр хэлъу ягъэзэщIэну икIи ахэр гурэ псэрэкIэ я Родинэ лъапIэм етахэу япIынхэу.

С. Джамбековым и адресыр: Полевая почта 51147—Е.

Сталинградцхэм я сабийхэм щхьэкIэ зыгъэпсэхупIэ

Черкессиям къэкIуащ Сталинград и хъумакIуэхэм я сабий 86. Абыхэм зыщагъэпсэхунущ Инжыдж-ЧыкIун деж щауэхуа зыгъэпсэхупIэм.

Сталинградцхэм я сабийхэм зыздагъэпсэхуну щIыпIэр хьэзырщ. Унэхэр, гъуэлыпIэхэр, яшхынухэр сытрикIэрагъэпэщагъэхэщ. А зыгъэпсэхупIэр зэгъэпэща хъуным щхьэкIэ лэжьыгъэшхуэ зэрахьащ Воробьевкэ, Штейнгардткэ, „Красный Жьакуэкэ" зэджэ колхозхэм.

Хьэбэз районнэ организациехэм сыт хуэдэ IуэхугъуэхэрикI зэрахьахэщ героическэ Сталинград и хъумакIуэхэм я сабийхэм фIыуэ загъэпсэхунырэмкIэ. Абыхэм щхьэкIэ ягъэхьазырахэщ хьажыгъэ хужьлы, дагъэ, фэу, хадэхэкIэр. Сталинградцхэм я сабийхэм я гум жьы дихуауэ, нэхъри къаруущIэ, узынщэ хъуахэу, загъэпсэхуа нэужь кIуэжынухэщ.

НАРОДХЭМ Я КРАЕВОЙ РАДЭМ (ПОЛЬСКЭ НАЦИОНАЛЬНЭ СОВЕТЫМ) И ПРЕДСЕДАТЕЛЬ Г-Н Б. БЕРУТ, НАЦИОНАЛЬНЭ ОСВОБОЖДЕНИЕМ И ПОЛЬСКЭ КОМИТЕТЫМ И ПРЕДСЕДАТЕЛЬ Г-Н З. ОСУБКА-МОРАВСКИЙ МОСКВА ДЭКIЫЖЫНЫГЪМКIЭ

Августым и 9-м Москва дэкIыжахэщ Народхэм я Краевой Радэм (Польскэ Национальнэ Советым) и председатель г-н Болеслав Берут, Национальнэ Освобождением и Польскэ Комитетым и Председатель г-н Осубка-Моравский, Национальнэ Освобождением и Польскэ Комитетым и Председательым и заместитель г-н А. Витос, польскэ дзэхэм я главнокомандующэ генерал-полковник М. Роля-Жимерский икIи нэгъуэщIхэрикI.

Московскэ аэродромым деж г. г. Б. Берут, З. Осубка-Моравский, абы ящIыгъуэ нэгъуэщIхэмрэ ягъэкIуэтэжахэщ СССР-м и Хамэ къэрал Iуэхухэмкlэ Народнэ Комиссарым и заместитель А. Вышинский, НКИД-м и 4-рей Европейскэ Отделым и заведующ В. А. Зорин, СССР-м и НКИД-м и Протокольнэ Отделым и заведующым и къалэныр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Г. И. Фомин, Оборонэмкlэ Народнэ Комиссариатым я Внешнэ зэпылъыкIэхэм я Отделым и Начальник генерал-майор Евстигнеев, Москва городым и комендант генерал майор К. Р. Синилов нэгъуэщIхэмкI.

ЩагъэкIуэтэжхэм щыгъуэ почетнэ къэрэгъул ягъэувауэ щытащ икIи Польскэмрэ Советскэ Союзымрэ я государственнэ гимнхэм еуахэщ.

Аэродромым щылъхэт польскэ икIи советскэ бэракъхэр.

Госпоставкэр ягъэзэщIащ

АДЫГЭ ХЬЭБЗ. Икон-Хьэлъкъ районым щыш „Берлик-Джашау" колхозым игъэзэщIащ щхьэмыж зыпыт лэжьыгъэхэм къащIэкIа зыпыт лэжьыгъэхэм къащIэкIа гъавэр къэралым етыныгъэмкIэ планыр. Иджы колхозхэтхэм аванс у иратащ трудодень къэсыхункIэ грамм 400.

Щхьэмыж зыпыт лэжьыгъэхэр къэхьэлIэжын яухащ

ХЬЭБЗЭ. Мы районым щыщхэу Чкаловкlэ, „Красный Жьакуэ", Тимошенкэкlэ, Сталинкlэ зэджэ колхозхэм августым и 11-м ирихьэлIу щхьэмыж зыпыт лэжьыгъэ хэр къехьэлIэжын яухащ.

Кировскэ районым щыщу щхьэмыж зыпыт лэжьыгъэхэр къехьэлIэжын яухащ „Красноармеец", Фроловкlэ, „Знамя трудакIэ " зэджэ колхозхэм.

Комбанер Узденов гектар 246 зэщIикъуэжащ

Эрсакон. Больше-Зеленчукскэ МТС-м и комбайнер Узденов „Сталинец" комбайнэмкIэ Кужев Рамазан и щIэжIэ зэхэт колхозым мы гъэм къыщIырихьэлIэжащ гектар 246.

Къырихьэлlэжа лэжьыгъэм фIагъыр хэлъщ.

Августым и 11-м ирихьэлIу Областым и кIуэцIкIэ щхьэмыж зыпыт лэжьыгъэхэр къехьэлIэжыныр зэрекIуэкIымкIэ

Сводкэ

(Планым и проценткIэ къащIэмэ)

Районхэр:	Псорикl къырахьэлIэжар	Абы щыщу комбайнкIэ
Хьабэз	96	77
Икон-Хьэлъкъ	88	54
Кувинскэ	81	53
Кировскэ	73	42
Черкесскэ	71	53
Псорикl	79	51

Августым и 11-м ирихьэлIу Областым и кIуэцIкIэ щхьэмыж зыпыт лэжьыгъэхэр IуэныгъэрзэрекIуэкIымкIэ

Сводкэ

(ЗэщIакъуэжам и процент бжыгъэм елъытауэ)

Черкесскэ	
Икон-Хьэлъкъ	67
Кувинскэ	58
Кировскэ	43
Хьабэз	38
Областым и кIуэцIкIэ	28

Союзникхэм я экспедиционнэ къарухэм я верховнэ командованием и штабым къыригъэхь хъыбархэр

ЛОНДОН, августым и 11-м. (ТАСС). Союзникхэм я экспедиционнэ къаруха я верховнэ командованием и штабым нобэ пщэдджыжым къыдигъэкIа хъыбархэм жаIэхэр:

Союзникхэм я дзэхэр дыхьащ Нант, Анжер городхэм. Нант деж бийм щIагъуэ зыригъэнакъым, ауэ бийм городитIми лагъым куэду щIилъдитIми лагъым куэду щIилъхьащ. Союзникхэм я дзэхэм Эннебон, Орэ, Киберон районхэм бийр дагъэкъабзыкIыр. Американскэ дзэхэм кIэнэщымыIэу къаухъуреихьащ Лориан. Бийм хуабжьу зыригъэнэр Брест деж, германскэ дывизищ здэщIыIэм. Ди дзэхэм городыбгъум деж къащIыгухьащ нэгъуэщI къарухэрикI, ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ псыIуфэ гъуэгум ирикIуэхэр. Сен-Мало районым деж бийм ихъумэр зы опорнэ пунктщ, икIи хуабжьу абдежым зырегъанэр. Портым плен къащIащ щIыху мин Сен-Мало районым деж мецхэм Динар иджнэ яхъумэр.

Зауэ хьэлъэ щокIуэ Нормандиям Мортэн-Вир районым деж. Мортэн и ищIэ икIи ипщэ лъэныкъуэкIэ деж бийм хуабжьу зырегъанэр. Вир районым деж союзникхэм я дзэхэр инэкIэ тахэщ зы милрэ ныкъуэкIэ. Союзникхэм я адрей частоуэхэр Гатемело, немецсыт хуэдизкIи зырамыгъэу Союзникхэм я дзэхэм гъэубгъуащ Орэ районым быдапIэхэм, мили 3—5 кIуатэхэри. къащтащ Эстшоссе гъуэгухэм Белкъыщщlэдзауэ Бордо хункIэ.

Берлин теуэныгъэр

ЛОНДОН, августым и 11-м. (ТАСС). Информациям и английскэ министерствэм къызэритымкIэ, жэщ блэкIам „Москито" самолетхэр тIуащ Берлин, тонн 1,8 бомбэхэр радзыхьурэ.

Августым и 10-м, махуитIырэ етIуанэрей ныкъуэм „Ланкестр" самолетхэр, английскэ военнэ-воздушнэ флотым щыщхэр, зэуахащ зенитно-артиллерийскэ къуэдзэкIэхэм дэж.

Ответ. редактор М. САН[illegible]

ЧЕРКЕССКЭ
ПЕДАГОГИЧЕСКЭ УЧИЛИЩЭМ
1944—1945 еджэгъуэ илъэсхэм еджакIуэ ищтэныгъэм щIигъэ
Педучилищэм ящтэхэр:
Курыт еджапIэ иримыкъуэхэм я классыбыр къэзухэр.
Училищэм щIыхьэхэм къайупщIынущ мы къэкIуэну предметхэ
Урыс отделением хьыхьэхэм:
а) урысыбзэкIэ (устIэу икIи письменнэу);
б) арифметикэмкIэ (устIэу икIи письменнэу).
Адыгэ отделением хьыхьэхэм:
а) урысыбзэмкIэ (устIэу икIи письменнэу);
б) арифметикэмкIэ (устIэу икIи письменнэу);
в) адыгэбзэмкIэ (устIэу икIи письменнэу).
1943—1944 еджэгъуэ илъэсхэм курыт иримыкъу еджапIэхэр „отлично" оценкэ яIэу къэзухэр къаймыупщIу ящтэхэр.
Педучилищэм и II-рей классым ящтэхэр курыт еджапIэхэм я II-рей, X-рей классхэр къэзухэхэр.
КъыкIэрымыхуу еджэ псоми стипендия иратыр.
Педучилищэм нIэщ общежитие, столовэ.
Педучилищэм щIыхьэну псоми директорым заявление иратыр.
къэкIуэну документхэр щIигъуу: автобиография, щIэныгъэ лIэужьыгъэхэр, къыщалъхуа гъэм и справкэ, фотокарточкиI.
Заявленихэр августым и 25-м нэсыхункIэ ящтэхэр. КъаIуэтэныным августым и 20-м щIадзэнущ.
Педучилищэм и адресыр: г. Черкесск, Горький ур[illegible], 33.
Дирекцэ

ЧЕРКЕССКЭ ОБЛАСТНОЙ
МЕДИЦИНСКЭ ЕДЖАПIЭ КУРЫТЫМ
1944 — 1945 еджэгъуэ илъэсхэм еджакIуэ ищтэныгъэм щIигъэ
МЕДИЦИНСКЭ СЕСТРА ОТДЕЛЕНИЕМ И 1-рей КУРСЫМ
Еджапlэм ящтэхэр илъэс 15 къыщыщIэдзауэ ил[illegible] кIэс и[illegible] бжьхэр, курыт еджапIэхэм я облаик классхэм и[illegible] ныгъэ яIэу щытыпэ.
1943—1944 еджэгъуэ илъэсхэм классыбэ еджапIэхэр „отлично" къэзухахэр къаймыгъэщIу ящтэхэр, адрейхэм урысыбзэкIэ орфографие мстекэзмкIэ, СССР-м и Конституцимкlэ къэзухэр.
Нэхъапэу еджапIэм ящтэхэр нэхъыфIыр испытание физическэ[illegible] чественнэ зауэм и инвалидхэмрэ Отечественнэ зауэм щыIэ[illegible] бийхэмрэщ.
Еджапlэм щIагъэхьэныгъэмкIэ заявленнер директорым ирагъэ къэкIуэну документхэр щIигъуу: а) щIэныгъэ лIэужьыгъэхэр, къыщалъхуа гъэр къэгъэлъагъуу метрическэ гущIэкIэ; б) е[illegible] щагъэмкIэ справкэ; г) фотокарточкэ; д) автобиографие. Документ[illegible] ем къэщIигъэлъэгъуауэ щытын хуейщ заявленнер зытеIуатэ[illegible] ресыр.
Еджапlэр комы 150 илъэсым ятыр. ПщIэр ятыныгъэмрэ стипендие псоми хуэгъэзауэ хабзэм тетуукIэ.
Еджапlэм нIэщ общежитиэ стеловэ[illegible].
Дирекцэ

ВУ 00241 Редакциим и адресыр: г. Черкесск, Дом Советов, комната № 54 Черкесская областная